



Sant sante ak byennèt fanmi ki baze nan Lekòl

Yon kolaborasyon ak Pwochen Etap Norwalk ak Lekòl Piblik Norwalk.



Byenveni nan Sant sante ak byennèt fanmi ki baze nan Lekòl

Yon kolaborasyon ant Pwochen Etap Norwalk ak Lekòl Piblik Norwalk.

Nou espere sèvi fanmi w dapre bezwen swen sante ak byennèt. Nan Sant Sante ak Byennèt Fanmi ki baze nan Lekòl nou an, yon Enfimyè Praktisyonè oswa Asistan Doktè, yon Travayè Sosyal Klinik ki gen Lisans/Konseye Pwofesyonèl Sante Mantal ki gen Lisans, ak yon Sikyat disponib pou ou menm ak timoun ou pandan jounen lekòl la epi apre lè pou akomode paran ki ap travay yo.

Ansanm, nou pral travay avèk ou pou kenbe ou, pitit ou a, ak fanmi ou nan lekòl la ak nan travay la. Si pitit ou pa genyen yon Doktè oswa founisè prensipal, nou ka ede w jwenn youn.



Ki moun ki elijib pou enskri pou resevwa Sant sante Fanmi ak Swen Byennèt

Sant sante Fanmi ak Swen Byennèt sèvis yo disponib pou tout elèv Lekòl Piblik Norwalk ak tout manm fanmi yo.



Nou envite w chwazi tout sèvis pedyatrik, swen pou granmoun, sante fanm, ak sèvis sante mantal ou menm ak fanmi w ka bezwen pandan ane lekòl timoun ou yo.

Si oumenm oswa doktè prensipal oswa pedyat gen kesyon, bezwen plis enfòmasyon, oswa ou vle enskri pou Sèvis Sant Sante ak Byennèt ki baze nan Lekòl la, kontakte nou.

- Diagnosis and Treatment of Minor Illnesses/Injuries
- Health Screenings
- Counseling (Individual, Family, and Group)
- Chronic Disease Management (such as Asthma, Eczema, if NCHC is Your Primary Care Provider)
- Health Education/Risk Reduction
- Crisis Intervention and Suicide Prevention
- Psychiatric Medication Management
- Nutrition/Weight Management
- Physicals (Sports, School, or Pre-Employment)
- Immunizations
- Reproductive Health
- Sexually Transmitted Infection Testing & Treatment
- Anti-Bullying Didactic Services

SANT SANTE AK BYENNÈT FANMI

1 Park Street, Norwalk, CT 06851

p. 203-854-4170

f. 855-592-1926

<https://norwalkchc.org/sbhc>

Orè: Sant sante lekòl NCHC yo obsève gwo jou ferye ak fèmti Distri Lekòl Norwalk.

Vizite:: <https://www.norwalkps.org/forfamilies/helpful-quick-links>



Nou espere sèvi fanmi w dapre bezwen swen sante ak byennèt.

Byenveni nan Norwalk Community Health Center.

Depi 1999, jenerasyon gason ak fanm atravè Fairfield County ak lòt bò yo te konfyè swen sante yo ak byennèt pitit ak fanmi yo nan men nou. Nou pran konfyans sa – ak sante ou– seryezman. Norwalk Community Health Center klase pami pi gwo sant sante kominotè nan nasyon an. Nou dedye pou nou kenbe bon jan kalite swen nou bay pasyan nou yo – soti nan tibebe ki fenk fèt rive nan granmoun aje – ki anrichi lavi yo nan chak etap epi mennen kominote nou an nan reyalize pi bon sante posib.



Si oumenm oswa doktè prensipal oswa pedyat gen kesyon, bezwen plis enfòmasyon, oswa ou vle enskri pou Sèvis Sant Sante ak Byennèt ki baze nan Lekòl la, kontakte nou.

- Dyagnostik ak Tretman pou maladi ki pa grav/blese
- Egzamen sante
- Konsèy konpòtman (endividyèl, fanmi, ak gwoup)
- Jesyon maladi kwonik (tankou opresyon, eczema, si NCHC se Founisè Swen Prensipal ou)
- Edikasyon sante/rediksyon risk
- Entèvansyon kriz ak prevansyon swisid
- Jesyon Medikaman Sikyatrik
- Nitrisyon/jesyon pwa
- Fizik (espò, lekòl, oswa anvan travay)
- Vaksinasyon
- Sante repwodiksyon
- Tès ak Tretman Enfeksyon ki Transmèt Seksyèlman
- Sèvis Didaktik Kont Entimidasyon
- Referans bay espesyalis/resous kominotè yo lè li nesesè
- Kowòdinasyon ak Norwalk Community Health Center ekip Dantè, Sante Mantal ak telepsikyatri, Pedyatri, Medsin Entèn, ak ekip Sante Fanm
- Sou sit Famasi ak laboratwa (120 Connecticut Avenue)
- Pwogram byennèt gratis, klas ak sèvis tankou mache kiltivatè sezonye yo
- Gwosès ak gwoup paran
- Bank kouchèt
- Gwoup Atensyon

Sant Sante Kominotè Norwalk toujou evalye pa US Health Resources and Services Administration nan pi gwo 15% nan tout 1400 kalite swen sante. Plis pase 12,000 gason, fanm ak timoun konfyè swen medikal, dantè ak mantal yo ba nou. Epi nou pa vire do bay pèsonn kèlkeswa estati oswa kapasite pou peye.



Norwalk Community Health Center, Inc.

120 Connecticut Avenue

Norwalk, CT 06854

203.854.0524

203.851.1000 (randevou)

203.851.1008 (Sante mantal)

www.norwalkchc.org

